

**PWOGRAM AK SÈVIS POU
EDE FILADÈLFYEN KI GEN LAJ
60 TAN OSWA PLIS**



PCA

215-765-9040

www.pcaCares.org

TABMATYÈ

Konsènan PCA	1
Liy Èd PCA	2
Sitwèb PCA	2
Sant Kominotè pou Granmoun Aje (Senior Community Centers)	3
Lojman	4
Transpò	5
Pwogram Family Caregiver Support	6
Pwogram Senior Companion	7
Sèvis Anbochaj	8
Sèvis Legal	8
Konsèy Pou Asirans Medikal	8
Swen Alontèm Tranzisyon nan	9
Etablisman Swen pou Granmoun	10
Swen Adomisil	10
Pwogram Sipò Adomisil	11
Sèvis Pwotektif pou Adilt pi Aje yo	12
Pwogram Medyatè	13

Philadelphia Corporation for Aging pral bay entèprèt lang pou kliyan ak fanmi yo. Tanpri mande PCA pou fè aranjman pou yon entèprèt. Yo bay sèvis sa a gratis pou kliyan an oswa fanmi li yo.

KONSÈNAN PCA

Philadelphia Corporation for Aging (PCA) se yon òganizasyon prive, ki pa pou pwofit ap sèvi kòm Ajans Zòn Filadèlfia an pou Granmoun Aje depi 1973. PCA dedye pou amelyore kalite lavi pou Filadèlfyen ki pi aje oswa ki gen andikap yo.

Sèvis PCA finanse yo gen ladan: pledwari, asistans travay, pwomosyon sante, reparasyon kay, enfòmasyon ak rekòmandasyon, èd legal, swen alontèm nan kay la, manje ki delivre lakay, sèvis pwoteksyon, sant kominotè pou vyeya yo, transpò, ak anpil lòt.

Yon evalyasyon dwe fèt anvan yo bay kèk nan sèvis PCA yo. PCA bay moun ki gen pi gran bezwen sosyal, ekonomik, ak pou sante yo priorite lè y ap chèche jwenn asistans.

Pou plis enfòmasyon sou sèvis yo ak pwogram ki endike nan tiliv sa a, rele Liy Dirèk PCA nan 215-765-9040, Lendi jiska Vandredi, 8:30 am a 5 pm Rele gratis (andeyò Filadèlfia) nan 888-482-9060.

LIY ÈD PCA 215-765-9040

Liy Èd PCA a se yon sèvis telefòn ki konekte moun kap rele avèk pwogram, sèvis, ak resous ki disponib pou rezidan Filadèlfì ki genyen laj 60 tan oswa pi aje, oswa ki gen laj 18 tan oswa plis epi ki genyen yon andikap.

Moun kap rele Liy Dirèk PCA ka byen fasil jwenn aksè sou enfòmasyon sou plizyè sijè, ki gen ladan lojman, swen alontèm, sèvis pwoteksyon, ak transpò. Nenpòt moun ki enterese nan sèvis PCA yo kapab rele Liy Èd PCA an. Sa gen ladan moun ki bezwen swen ansanm ak fanmi yo, moun kap bay swen, ak moun ki ofri sèvis..

Pou akomode moun kap rele ki pa pale angle, PCA enskri nan yon sèvis entèprèt lang yo rele lè gen bezwen ki pèmèt komunikasyon nan plis pase 140 lang.

SITWÈB PCA

Sitwèb PCA an, www.pcaCares.org, bay enfòmasyon sou sèvis, òganizasyon ak aktivite pou granmoun Filadèlfyen yo ak tout moun ki pran swen yo. Li sèvi kòm yon anyè sèvis PCA; li bay lis pou plis pase 1,100 lòt òganizasyon ak pwogram ki sèvi granmoun Filadèlfyen yo; epi li bay resous pou pwofesyonèl nan rezo moun aje yo. Sitwèb PCA an ofri tradiksyon nan 16 lang, atravè sèvis World Lingo.

SANT KOMINOTÈ POU GRANMOUN AJE

PCA finanse 33 sant kominotè ki gen plizyè fonksyon ak sant manje pou granmoun aje yo, ki bay anpil sèvis ak opòtinite pou Filadèlfyen yo ki 60 ane daj oswa ki pi gran. Sant kominotè pou granmoun aje se yon bon kote pou rankontre nouvo moun, fè egzèsis sèvo ak kò a, jwi yon repa cho, ak pran plezi. Sant yo ofri manje midi, klas, rekreyasyon, aktivite ki ankouraje bon sante, konsèy, opòtinite pou sèvi kòm volontè, ak transpò.

Pou w jwenn yon sant kominotè ki tou pre w, rele Liy-èd PCA an nan 215-765-9040.



Depatman Lojman ap fè reparasyon ak modifikasyon nan kay kliyan yo. Pifò travay sa yo fèt atravè Pwogram Asistans pou Reparasyon Lojman pou granmoun aje (Senior Housing Assistance Repair Program – SHARP an Anglè). Reparasyon oswa ranplasman tiyo, balistrad, pòt eksteryè ak kadna ak enstalasyon ba ranp yo se kèk nan travay ki kapab fèt atravè pwogram sa a. Sèvis sa yo kapab swa gratis oswa si revni nan kay la depase 200% pòvrete, kliyan an pral peye yon pouvantaj pri pou travay reparasyon an.

Depatman Lojman PCA a ofri tou modifikasyon kay pou kliyan ki kalifye nan pwogram swen alontèm PCA an.




TRANSPÒ

Transpò enpòtan pou granmoun Filadèlfyen yo ki vle kenbe endepandans yo epi rete aktivman angaje nan kominate a. PCA ofri asistans transpò prensipalman nan Pwogram Woulib Pataje (Shared Ride an Anglè) nan Pwogram CCT Connect SEPTA an. Woulib Pataje la mennen granmoun aje nan sèvis lajounen pou adilt, sant kominotè granmoun yo, randevou medikal ak zòn komèsyal yo. Nan Filadèlfia, Sèvis Transpò Atandan (Attendant Transportation Service - ATS an Anglè) disponib tou. ATS bay asistans pòt-a-pòt ak asistans pou monte etaj anwo pou granmoun aje ki gen pwoblèm fizik ak/oswa mantal kote Pwogram Woulib Pataje la transpòte yo san sa ta pa kapab gen aksè sou sèvis sa yo.

Pou pran yon randevou pou Woulib Pataje (Shared Ride), rele 215-580-7145.

Pou fè yon randevou pou Sèvis Transpò Atandan (Attendant Transportation Service), rele Liy Èd PCA an nan 215-765-9040.



PWOGRAM SIPÒ POU MOUN K AP OKIPE FANMI (FAMILY CAREGIVER SUPPORT PROGRAM - FCSP AN ANGLÈ)

Pwogram Sipò Pou Moun k ap Okipe Fanmi an ede moun k ap pran swen yon moun ki gen pwoblèm fizik ak / oswa mantal ki se swa laj 60 oswa plis; oswa yon moun ki poko rive laj 60 yon doktè te dyagnostike avèk demans kwonik. PCA travay avèk moun kap bay swen an pou fòme yon plan swen ki ranpli bezwen moun lan. PCA kapab tou bay enfòmasyon sou benefis pou ki moun lan kalifye; asirans; gwooup sipò; ak teknik pou bay swen. Atravè pwogram sa a, yo kapab fèt kèk adaptasyon nan kay la. Kapab genyen tou èd ak sipò pou fanmi, ak asistans avèk acha ekipman pou moun kap bay swen ak aparèy adaptasyon ki pa kouvri anba Medicare oswa Medicaid.



PWOGRAM KONPAYON POU GRANMOUN

Konpayon pou granmoun aje yo se gason avèk famm ki genyen laj 55 kan ak pi gran ki akonpanye granmoun ki gen laj 60 ak pi gran. Konpayon pou granmoun aje yo vizite ak moun ki granmoun oswa moun ki gen andikap ki bezwen asistans defason pou yo kapab rete nan kay yo. Yo resevwa yon ti kantite lajan pou bay èd sa a. Gen yon bezwen pou konpayon bileng pou ede gramoun aje ki pa pale angle. PCA resevwa finansman nan men Kòporasyon pou Sèvis Nasyonal ak Kominotè (Corporation for National and Community Service an Anglè) pou administre pwogram sa a.



SÈVIS TRAVAY

Asistans rechèch pou djòb, konsèy pou karyè, rekòmandasyon, avèk opòtinite pou fòmasyon disponib pou Filadèlfyen yo ki gen laj 55 ak pi gran.

SÈVIS LEGAL

PCA sipòte yon pwogram sèvis legal konplè pou Filadèlfyen ki aje yo. Kote ki ofri sèvis legal yo ede moun ki gen zafè sa yo tankou testaman, benefis, taks, tribinal ti reklamasyon, diskisyon mèt kay ak lokatè, pwoblèm ipotèk, pwoblèm pwoteksyon kliyan, ak pwoblèm abi.

KONSÈY ASIRANS MEDIKAL

Pennsilvani bay konsèy pou ede gramoun, laj 60 tan ak pi gran pou yo kapab konprann opsyon asirans medikal yo ak pou pran desizyon enfòme sou sa ki pi bon pou yo. Yo bay konsèy pou asirans medikal pou gratis epi yo kenbe sa konfidansyèl. APPRISE se non Pwogram Asirans Medikal Leta pou Pensilvanyen yo.

Depatman Swen Alontèm PCA an bay swen nan kay, ak sèvis nan kominote ki pèmèt granmoun aje pou yo ka viv nan yon fason endependan nan kominote a. Yo bay Sèvis sa yo atravè Pwogram Egzanpsyon ak Opsyon Pou Moun Aje Pennsilvani an (Pennsylvania's Aging Waiver and Options Pwogram an Anglè). Pou kapab kalifye pou sèvis sa yo, yon moun dwe yon rezidan Pennsilvani; gen laj 60 tan oswa plis; satisfè kritè kalifikasyon klinik ak finansye; epi yo gen yon bezwen kontinyèl pou asistans ak aktivite miltip nan lavi chak jou yo.


Sa ki anba la se yon lis sèvis pou ki moun kapab kalifye:

- Sèvis pou Lavi Kotidyen Adilt yo
- Sèvis Tranzisyon Kominotè
- Sèvis Konpayon
- Sèvis Konsèy
- Modifikasyon Anviwònmantal
- Sèvis Administrasyon Finansyè
- Repa ki Distribiye nan Kay
- Sèvis Swen medikal lakay ou
- Sèvis Sipò Adomisil
- Sèvis Transpò ki pa Medikal
- Machandiz ak Sèvis Patisipan-dirije
- Sipò Kominotè Patisipan-dirije
- Sèvis Asistans Pèsonèl
- Sèvis Swen Pèsonèl
- Sistèm Repons pou Ijans Pèsonèl
- Sèvis pou ranplase moun k ap okipe malad la pandan yon ti tan
- Ekipman Medikal Dirab ak rezèv Espesyalize
- TeleCare

Pa gen okenn maksimòm montan dola oswa kap pou sèvis Pwogram Egzanpsyon Moun Aje patisipan yo resevwa, pa gen okenn depans pataje epi pa gen kontribisyon yo pèmèt.

TRANZISYON NAN ETABLIS- MAN SWEN POU GRANMOUN (NURSING HOME TRANSITION – NHT AN ANGLÈ)

Pwogram sa a bay asistans pou moun ki abite nan mezon retrèt Filadèlfia ki vle pou li retounen nan kominate a, men bezwen èd pou fè sa. Kowòdonatè Tranzisyon nan Mezon Retrèt travay avèk patisipan yo ou fè yon plan ki adrese bezwen moun nan. Sa a kapab genyen ladan bay asistans pou kapab jwenn lojman, si sa nesesè; modifikasyon lakay ou; achte atik pou itilize chak jou; ak fè aranjman pou sèvis patisipan an elijib pou resevwa.



SWEN ADOMISIL

Pwogram Swen Adomisil la bay sipò pou, aranjman lojman pou granmoun ki gen 18 an oswa ki pi gran ki gen andikap, ak limitasyon ki pa kapab viv pou kont yo. Pwogram nan mete moun ki kalifye yo nan yon kay ki sètifye. Yon ekip travayè sosyal toujou siveye kay yo epi ofri oryantasyon pwofesyonèl pou ni kliyan ak kote ki ofri swen yo.

PWOGRAM SIPÒ ADOMISIL (IN-HOME SUPPORT PROGRAM – IHSP AN ANGLÈ)

Swen kowòdinasyon ak sèvis akoutèm ka disponib pou moun ki gen laj 60 tan oswa plis ki ap pou yon ti tan kouche malad lakay akòz maladi mantal oswa fizik, andikap, feblès oswa kondisyon meteyologik ekstrèm. Pami sèvis sa yo genyen: manje ki delivre lakay ou; transpò; konpayon pou moun aje; ede ak travay nan kay la; gwo netwayaj; ekstèminasyon; reparasyon lakay ou; konsèy; ak asistans pou aksè sou benefis ak rejim endèmnite.

SÈVIS PWOTEKTIF POU ADILT PI AJE YO

Nenpòt ki moun ki konnen oswa sispèk yon moun ki granmoun viktim abi, an danje, oswa y ap eksplwate finansyèman, ka fè yon rapò bay Sèvis Pwotektif pou Granmoun PCA an lè w rele Liy-èd PCA nan 215-765-9040.

Envestigatè yo disponib 24 sou 24 pou mennen ankèt, ak reponn sou rapò sou abi, negligans, eksplwatasyon oswa abandon granmoun aje. Moun sa yo kapab nan risk iminan pou mete danje tèt yo oswa pwopriyete yo. Yo ka manke yon moun ki responsab pou bay yo swen epi yo ka paka fè pran swen esansyèl pou pwòp tèt yo Annakòdans avèk egzijans lalwa, tout rapò yo konfidansyèl.



PWOGRAM MEDYATÈ

Pwogram Medyatè an ka ede moun ki rete nan mezon retrèt, swen pèsonèl adomisil, ak mezon Swen Adomisil, ak patisipan ki nan sant pou moun majè k ap viv chak jou yo ki gen pwoblèm oswa plent. Medyatè yo mennen ankèt sou plent ki fèt pa oswa sou non rezidan sa yo epi travay pou fè medyasyon plent yo. Pwoblèm yo ak enkyetid prezante bay Medyatè yo ap rete konfidansyèl epi yo reprezante yon seri pwoblèm, ki gen ladan dwa rezidan an; mezon retrèt ak swen medikal; admisyon règleman ak pwosedi; ak kontablite finansye ak faktirasyon.



KONSÈNAN PCA

Philadelphia Corporation for Aging (PCA), se premye kote pou granmoun Filadèlfyen yo ak granmoun ki gen andikap pou ale jwenn enfòmasyon ak sèvis pou ede kenbe oswa amelyore kalite lavi yo.

Etabli an 1973, PCA se ajans zòn nan sou moun aje pou Filadèlfia. PCA gen kontra ak plis pase 100 òganizasyon kominotè pou delivre sèvis ki pral ede granmoun ak adilt Filadèlfyen ki gen andikap pou reyalize nivo sante ki pi gwo, endepandans, ak pwodiktivite. Atravè travay li yo, PCA touche lavi plis pase 100,000 moun chak ane.

Youn nan pi gwo òganizasyon ki pa pou pwofit nan rejyon an, PCA finanse an pati pa Lwa Federal pou Ameriken Aje (Federal Older Americans Act, an Anglè), Asistans Medikal, ak lotri a Pennsilvani, tout pase nan men Depatman Pennsilvani pou Granmoun Aje.



642 North Broad Street | Philadelphia, PA 19130-3409

Administrasyon: 215-765-9000

Faks: 215-765-9066

Liy Èd PCA: 215-765-9040

Liy Gratis 888-482-9060 (andeyò Filadèlfia)

215-765-9041 pou moun ki genyen pwoblèm tandem yo.

www.pcaCares.org